

Kijan pou fè rapò arasman, arasman sou entènèt ouswa revanj?

Si ou se yon pwofesè, yon lòt anplwaye ouswa yon volontè, ki temwen, ki estope ouswa ki tandè pale de yon ensidan arasman, arasman sou entènèt ouswa revanj ou oblije di direkè lekòl la sou ensidan an pi vit posib. Ou ka fè premye rapò a an pèsòn, alekri, pa kourye elektwonik ouswa kite yon mesaj telefònik. Konsa w'ap gen 72 zèdtan pou konplete yon fòm rapò ensidan.

Si ou se yon elèv, yon pran/gadyen ouswa yon lòt moun nan kominote a senpman di yon granmoun nan lekòl la sa k pase a. Ou ka di yo in person, an pèsòn, alekri,



pa kourye elektwonik ouswa kite yon mesaj telefònik. **Konsa granmoun ou di sa-a va fè rapò ensidan an bay direkè lekòl la epi ranpli fòm yo mande yo.**

Paran yo di nou timoun yo fè yo konnen ke se sitou nan liy pou al manje a midi, nan koulwa yo, nan twalèt ak sou lakou lekòl la.

Ou ka fè rapò arasman, arasman sou entènèt ak revanj ou menm poukont ou: Vizite sit: www.somerville.k12.ma.us/bully_report pou fè rapò a sou entènèt.

Rele youn nan liy telefòn rapò yo pou fè rapò a pa telefòn:

Liy *Kreyòl Ayisyen an*, 617-629-5228

Liy *Anglè a*—617-629-5222

Liy *Espayòl la*—617-629-5224

Liy *Pòtigè a*—617-629-5226.

Swiv enstriksyon yo epi kite yon mesaj byen detaye sou sit entènèt nou ouswa sou youn nan liy telefòn pou nou ka Mennen yon bonjan envestigasyon sou rapò ou a. Ou ka fè yon **rapò anonym sou arasman, arasman sou entènèt ak revanj**. Ou ka bay non ou tou si ou vle.



Prevansyon Arasman ak resous edikasyonèl sa

www.somerville.k12.ma.us/no_bullying— Sit Somerville la pou prevansyon arasman ak rapò anonym. Li gen lyen to k'ap bay enfòmasyon adisyonèl

www.somerville.k12.ma.us/prevention- Enfòmasyon sou kourikoulòm ak filozofi nan Somerville pou ede elèv yo fè pibon chwa nan lekòl

www.netsmartz.org—Somerville itilize kourikoulòm Netsmartz cybersafety a nan klas bibliyotèk ak medya li yo

www.doe.mass.edu/bullying— Sit kote ki gen enfòmasyon itil sou pwèn legal, regilasyon, edikasyonèl ak lòt resous itil ki gen nan Depatman Edikasyon nan Massachusetts

www.adl.org/combatabullying- Resous pou prevansyon arasman sou sit Anti-Defamation League la

www.glsen.org—Lyen resous pou pwofesè, fanmi ak elèv sou sit masisi, madivin ak ete-woseksyèl pou pwofesè, fanmi ak elèv yo

Tout ensidan yo jwen ki gen rapò ak you elèv ki nan youn nan klas pwoteje yo konsidere kòm arasman epi y'ap refere yo bay otorite apwopriye yo. Klas pwoteje yo gen ladan yo:

- Elèv ki resevwa sèvis edikasyon espesyal
- Elèv ki idantifye tèt yo kòm madivin, masisi, biseksyèl ouswa k;ap transfere sèks yo (LGBT), ouswa elèv ki gen paran yo ki idantifye tèt yo kòm youn nan gwoup LGBT sa-
- Tifi ak jèn fanm
- Elèv ki idantifye kòm minorite rasyal.

Lekòl Piblik Somerville

Arasman, Arasman sou entènèt ak Prevansyon Revanj & Entèvansyon



www.somerville.k12.ma.us/no_bullying

Somerville Public Schools
42 Cross Street
Somerville, MA 02145
617-625-6600 x6005





Timoun paka aprann si yo pa senti yo an sekirite



Gade anviwonman aprann nan an sekirite pou tout pwofesè, volontè, fanmi ak elèv yo se yon priyorite Lekòl Piblik Somerville yo.

Yon anviwonman pou aprann se yon kote chak grenn elèv ap devlope emosyonèlman, akademikman ak fizikman nan yon atmosfè imen epi ankourajan kote ki pa gen entimidasyon ak abi.

Yon bi Lekòl Piblik Somerville yo se pou ogmante epi kontinye amelyore anviwonman pou timoun yo aprann yo. Yon fason n'ap fè sa se diminye kantite ensidan arasman, arasman sou entènèt ak revanj ki rapòte yo nan chak lekòl nan fè bonjan prevansyon ak entèvansyon ki gen konpasyon epi pwomosyon sosyal nan tout kominote a.

arasman, arasman sou entènèt ouswa revanj pwoyibe sou teritwa lekòl yo ak nan zòn tou prè teritwa lekòl la, ak nan aktivite lekòl ap fè ouswa aktivite ki konekte ak lekòl la tankou, pwogram, fèt (key o ann-dan lekòl la ou pa), nan estòp otobis, nan otobis ouswa nan lòt otomobil lekòl la ouswa ke lekòl gen kontra ak yo pou sèvis li; ouswa tou pa mwayen teknolojik ouswa aparèy elektwonik distrik la posede, lwe ouswa itilize.

Kisa ki arasman, arasman sou entènèt ak retalyasyon?

Arasman se “*lè youn ouswa plizyè elèv touttan ap itilize ekspresyon alekri, vèbal ouswa elektwonik ousinon y'ap fè jès oubyen yon konbinezon tout mwayen sa-yo kont yon lòt yo vize epi yo lakòz:*

- i. domaj fizik ouswa emosyonèl moun yo vize a ouswa yo domaje posesyon moun sa-a;*
- ii. yo mete moun yo vize a nan yon eta laperèz pou tèt li ak pou posesyon li;*
- iii. kreye yon anviwonman ostil nan lekòl la pou moun yo vize a;*
- iv. vyole dwa moun yo vize a nan lekòl la; ouswa*
- v. materèlman epi konsiderabman kontrarye pwosesis edikasyonèl la ouswa fonksyonman nan lòd yon lekòl.”*

Annwiye san rete ki ka lakòz yon elèv ouswa yon gwoup elèv santi yo pa an-sekirite ka arasman tou.

Ensidan ki pase andeyò Lekòl men ki afekte sekirite anviwonman lekòl ka arasman tou.

Yon sèl ensidan anwiyan kote yon elèv fè ekspresyon pou l fè yon lòt pè ka arasman tou.

Yon sèl ensidan anwiyan ki koze chòk fizik ouswa ki ka entèprete kòm vyolasyon dwa sivil yon elèv ka arasman tou epi yo ka refere l bay Depatman Lapolis nan Somerville pou investiyasyon.



arasman sou entènèt ka fèt sou sit rezo sosyal yo tankou sou Facebook, kourye elektwonik, ouswa mesaj ekri.

Paran/gadyen yo di nou arasman pi vit ka pase nan koulwa, twalèt ak kafeterya lekòl. N'ap ofri temwen yo “Bystander Empowerment” pou anplwaye ak volontè pou yo ka (a) amelyore atansyon nou bay lè elèv yo ansanm nan tout rakwen lekòl yo (b) ogmante abilitè nou pou nou estope arasman, arasman sou entènèt ak revanj lè nou wè li.

Kisa ki pase lè yo fè yon rapò pou arasman, arasman sou entènèt ouswa revanj?

Direktè lekòl kote yo di ensidan arasman, arasman sou entènèt ouswa revanj lan pase a va mennen yon investigasyon epi reponn ak tout prekosyon epi konpasyon.

Paran/Gadyen elèv an keksyon yon an toude pati yo: agresè a (yo) ak moun yo ki vize a (yo) va resevwa yon enfòmasyon pou fè yo konnen nan kòmansman investigasyon an.

Yo ka fè kèk chanjman tou swit tou, sis a nesèsè pou anviwonman aprann na **pou pwoteje elèv ki nan pwoblèm**—sa ka vle di mete agrees a chita sou yon tab espesifik nan kafeterya ouswa chanje lòd yo te konn swiv pou mache nan liy pou y'al nan klas mizik.

Y'ap ofri sèvis sipò bay elèv ki afekte yon an ensidan sa-a—elèv yo vize yo, agrees yo ak temwen yo. Sèvis sa-yo va depann dapre bezwen espesifik elèv yo epi l ka gen ladann enstriksyon nan klas, terapi ouswa medyasyon ak kanmarad yo ouswa tou yon chanjman nan orè aktivite apre lekòl yo.